



Pou Piblikasyon Imedya: 25/10/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LAPOLIS ETA A AK FÒS LÒD LOKAL YO PRAL REPRIME MOUN K AP KONDUI AVÈK KAPASITE AFEBLI EPI SAN SOUSI PANDAN HALLOWEEN LAN

Halloween se jou ki pi mòtèl pou timoun pyeton ki poko gen 18 an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodia Lapolis Eta a ak fòs lòd lokal yo pral ogmante patwouy yo pou sibler chofè kap kondui avèk kapasite afebli epi san sousi pandan Halloween nan. Peryòd kontwòl la kòmanse vandredi 25 oktòb, rive jiska jedi 31 oktòb, epi se Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee) ki finanse li.

"Chwa responsab yo se kle pou asire tout Nouyòkè yo gen yon Halloween ki an sekirite epi ki amizan," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Si w planifye pou selebre, planifye pou w gen yon woulib modere pou w retounen lakay ou. Mwen remèsye Lapolis Eta New York la ak fòs lòd lokal yo paske yo kenbe timoun nou yo, kominote yo ak selebrasyon yo an sekirite epi amizan."

Padan peryòd kontwòl la, chofè yo ka atann a plizyè pòs kontwòl modere epi patrouy adisyonèl DWI. Anplis pou sibler chofè kap kondui avèk kapasite afebli, ajan fòs lòd yo pral chèche tou chofè k ap kondui ki distrè yo oswa ak eksè vitès.

Pandan inisyativ ane pase a, fòs lòd yo te bay 32,866 kontravansyon epi yo te arete 1,182 chofè ki t ap kondui ak kapasite afebli ak 6,495 chofè ki te resevwa kontravansyon pou eksè vitès.

Administrasyon Nasyonal pou Sekirite sou Otowout (National Highway Traffic Safety Administration, NHTSA) la rapòte Halloween se yon sware ki patikilyèman mòtèl akòz kantite elve chofè yo a kapasite afebli sou wout yo ak ogmantasyon enpòtan pyeton yo. An 2022, 72 moun te mouri nan aksidan sikilasyon pandan sware Halloween lan. Pami viktim sa yo, 46 pousan nan aksidan ki te fèt gen rapò ak alkòl

Timoun ki soti pou jwèt ranmasaj bonbon yo, ak moun ki akonpaye yo, yo tou ekspoze a gwo risk. Dapre AAA Northeast, ant 2007 ak 2021 done federal aksidan yo montre Halloween se jou ki pi mòtèl pou timoun pyeton ki gen mwens pase 18 ane. Yo te touye yon total de 49 timoun atravè peyi a nan jou Halloween lan pandan peryòd sa a, prèske doub pwochen jou ki pi mòtèl yo.

Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a ak Depatman Sante Eta a ap pataje konsèy sekirite itil sa yo pou paran yo, moun k ap bay swen yo ak chofè yo pou ede evite blesi epi asire Halloween ki an sekirite ak kè kontan.

Konsèy Sekirite pou Pyeton yo

- Mache sou yon twotwa si gen youn disponib epi itilize pasaj pou pyeton yo. Nan zòn ki pa gen twotwa, mache anfas sikilasyon an.
- Gade agoch, adwat ak agoch ankò epi kontinye gade pandan w ap travèse lari a.
- Siveye machin k ap fè bak epi pa janm fofile soti nan mitan machin ki estasyon yo.
- Anvan fèt Halloween yo kòmanse, kreye yon "sistèm zanmi" pou youn mennen lòt lakay yo an sekirite epi anpeche mache poukont yo. Rete nan zòn yo ki byen limen ak ou abitye.
- Pou w pi an sekirite, rejwenn lòt fanmi epi mache ansanm. Mache an gwoup toujou fè w pi vizib.
- Nan chwazi kostim pou timoun yo, asire w ke timoun nan pral konplètman vizib. Mete rad reflechi tankou braslè ak soulye, pote yon flach oswa baton ki klere, oswa mete tep reflektif sou kostim oswa sak friyandiz.
- Asire w ke soulye, chapo ak kostim yo byen adapte. Yon kostim ki twò long ka prezante yon danje pou bite pandan w ap mache. Chapo ak mask pa ta dwe bloke vizyon.
- Pa itilize telefòn mobil oswa mete kas. Toujou rete enfòm de anviwònman ou.

Konsèy Sekirite pou Chofè yo:

- Bay tèt ou plis tan pou ale nan destinasyon w. Ou ka oblije fon kanpe pou w achte friyandiz, ki ka ajoute nan tan vwayaj ou.
- Ralanti epi analize tanzantan wout la nan zòn kote ka gen friyandiz oswa kote vizibilite a limite. Vitès ralanti yo sove lavi.
- Rete vijilan pou pyeton ki ka sòti ant machin ki estasyon oswa dèyè touf bwa. Kanpe epi tann pou yo pae.
- Fè atansyon a pyeton yo, sitou avan ou vire nan yon limyè vèt ak lè w ap vire a dwat nan yon limyè wouj.
- Fè atansyon! Pa gade telefòn ou lè w ap kondwi. Toujou pote atansyon ou sou wout la.
- Si ou remake yon chofè ki sou, kontakte fòs lòd yo.

Komisè Depatman Veyikil ak Motè Eta New York (New York State Department of Motor Vehicles) la, Mark J.F. Schroeder, te deklare, "Peryòd kontwòl tankou sa yo nesèsè pou sansibilize sou danje ki genyen lè yon moun ap kondui ak kapasite afebli epi san sousi. Nou vle tout moun an sekirite epi jwi fèt Halloween lan. Timoun yo ak paran yo pa ta dwe janm gen enkyetid pou yo rantre lakay yo an sekirite lè yo soti ale dèyè bonbon."

Sirentandan Lapolis Eta New York la, Steven G. James, te deklare, "Halloween vle di yon jounen ki amizan, men li ka vin mòtèl lè yon moun fè move chwa pou bwè epi kondwi. Chofè yo ta dwe pran anpil prekosyon epi fè atansyon ak trafik adisyonèl pou pyeton yo pandan timoun yo ak paran yo ap mache nan lari nou yo. Ansanm, nou ka travay pou rann wout nou yo vin pi an sekirite pou tout moun k ap fè wout la."

Komisè Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare, "Halloween se evènman ki make sezon otòn la pou anpil timoun ak fanmi yo e li enpòtan pou evite blesi lè w soti ale dèyè friyandiz pandan w ap pratike règ sekirite pou pyeton yo. Fè atansyon ak siy sikilasyon yo epi siveye chofè yo ak lòt yo."

Cherif nan Konte Delaware ak Prezidan Asosyasyon Cherif Eta New York la, Craig DuMond, te deklare, "Gen anpil bagay pou pè nan epòk efreyan sa a nan ane a, men friyandiz yo pa ta dwe enkyete de chofè danjere yo. Fòs lòd yo pral soti pou asire sekirite tout moun pandan fanmi yo ap jwi Halloween, epi pafwa jou yo anvan ak apre yo. Chofè yo dwe fè atansyon a pyeton yo. Li difisil pou w wè goul ak goblen si w ap fè vitès oswa si w ap kondwi a kapasite afebli. Cherif Eta New York la vle pou w jwi astis ak pleziw yo an sekirite donk respekte limit vitès yo epi kondui modere."

Prezidan Asosyasyon Chèf Lapolis Eta New York ak Chèf Depatman Lapolis Vil Batavia, Shawn Heubusch, te deklare, "Rete an sekirite Halloween sa a: fè atansyon a pyeton, pa kondwi a kapasite afebli, epi ralanti pou timoun ki dèyè friyandiz yo. Ann kenbe kominote nou yo an sekirite epi agreyab pou tout moun."

Anplis pou bay konsèy sou sekirite anvan Halloween, Depatman Sante Eta a pwomouvwa sekirite pyeton pandan tout ane a atravè pwogram See li a! Fè w vizib! Inisyativ sekirite pou pyeton yo, ki fèk enkli yon kanpay [Ri ki an sekirite: Mache ak Daisy](#) pou anseye timoun nan Klas kindègadenn rive 5yèm ane kèk règ senp pou ede yo travèse lari a an sekirite.

Pou chofè ki ta ka bezwen tounen lakay yo apre fèt Halloween, [aplikasyon mobil "Have a Plan"](#) Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a ak Fondasyon STOP-DWI Eta New York la disponib pou telefòn entelijan [Apple](#) ak [Android](#) yo. Aplikasyon an pèmèt moun New York yo lokalize epi rele yon sèvis taksi ak pwograme yon lis chofè ke yo chwazi. Li ap bay enfòmasyon tou sou lwa ak sanksyon DWI yo, ak yon fason pou moun rapòte yon chofè ke yo sispèk ap kondwi ak kapasite afebli.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)